

Pwomès Episkopalyen yo pou yo pran swen anviwonman an

Etan branch Episkopalyen an nan Mouvman Jezikri a, nou anvi kiltive relasyon ki fè nou renmen, ki libere nou epi ki ba nou lavi nan rapò nou ak tout sa Bondye kreye. Nou tout, nou pwomèt pou nou pwoteje epi pou nou fè Latè ansanm ak tout moun ki rele I kay pa yo vin tou nèf. Nou tout, nou ap viv dapre renmen Bondye a epi nou pran angajman sa a pou nou fè ak espesifik.

Ak Renmen: Nou ap bay temwayaj nou sou jan nou renmen latè epi jan sa enkyete nou epi n ap met ansanm ak lòt ki vle pwoteje ekoloji sakre sa a.

Mwen ta renmen pataje renmen mwen genyen pou Bondye epi pou tout sa Bondye kreye, poutèt sa, m ap...

Egzanp (chache jwenn plis lide toujou nan dokiman ki anba a)

- Anrejistre yon video yon minit ki ap reponn kesyon tankou “Ki lè ou te wè mèvèy Bondye nan lanati?” Ki angajman ou pran pou w pwoteje bagay ou renmen?” Fè yon efò anplis epi afiche yon mesaj sou rezo sosyal oubyen sou sit sa a: creation@episcopalchurch.org.
- Fòme yon gwoupman pou okipe lanati nan kongregasyon w lan oubyen nan dyosèz ou a, oswa pran kontak ak yon gwoup nan zòn ou a. Fè yon efò epi òganize yon gwoup pou nou jwenn yon sibvansyon pou n okipe lanati.

Sa Bay Libète: Nou ap kanpe ak sila yo ki pi fèb devan efè danjere degradasyon anviwònman ak chanjman klimatik – fi, timoun, moun pòv, moun ki pa blan, refijye, ak emigre yo.

Mwen ta renmen kanpe an solidarite ak frè m ak sè m yo, espesyalman sila ki viktim degradasyon nan anviwonman an ak chanjman klimatik, poutèt sa, m ap...

Egzanp (chache pi plis lide toujou nan dokiman ki anba a)

- Enskri pou w jwenn anons nan men Rezo Episkopal pou Politik Biblik sou sit sa a: advocacy.episcopalchurch.org. Fè yon lòt efò epi antre nan mouvman k ap defann yon kòz pou jistis nan zafè anviwònman ki enterese w anpil.
- Aprann plis sou yon fason chanjman klimatik oubyen degradasyon nan anviwonman ap afekte moun ki viv pre w. Fè yon lòt efò ankò epi tandem temwayaj vwazen k ap soufri epi chache fason pou n mete tèt nou ansanm.

Pou Bay Lavi: N ap chanje abitid nou ak chwa nou yo pou n viv pi senp, ak imilite epi lapè sou Latè a.

Mwen vle chanje lavi m pou developman m kab makònèn ak developman Latè, poutèt sa, m ap...

Egzanp (chache plis lide toujou nan dokiman ki anba a)

- Sèvi ak sit sa a www.diocal.org/climate pou kalkile kantite kabòn ou menm pèsonèlman ou emèt. Fè yon efò epi òganize kongregasyon w lan pou yo enskri pou kontwole kantite kabòn yo emèt.
- Chanje fason nou manje, konsome mwens vyann epi diminye kantite manje moun lakay nou jete. Fè efò pou gen yon objektif, tankou pa manje vyann omwen yon fwa pa jou.

Yon vizyon Episkopalyen pou nou pran swen anviwonman

Mouvman Jezikri a se yon kominote moun ki santre sou Jezi moun Nazarèt la. Nou ap suiv Jezikri ak renmen, ak yon espri liberasyon, epi nan yon relasyon ki bay lavi nan rapò nou ak Bondye, nan rapò nou youn ak lòt, epi nan rapò nou ak lanati.

Nou tout nan legliz la, nou pwomèt pou nou fè kesyon okipe anviwonman an bagay ki pi enpòtan nan lavi nou. Ansanm, nou lanse yon mouvman nan tout legliz la pou nou kab pwoteje anviwonman epi fè lanati kontinye ap fleri.

N ap jwenn bi yo ak vizyon nou yo anba a sou kesyon pran swen anviwonman an. Se yon tèks Biwo Evèk ki Alatèt la ak lidè nan Konsèy pou jere lanati a se yon tèks ki ale men nan men ak aksyon swasann dizneyèm Konvansyon Jeneral la (dapre sa rezolisyón atik A013 oubyen C008 endike). N ap jwenn rezolisyón an sou sit sa a: www.generalconvention.org/legislative-information-gc2018.

Ak Renmen – Bi #1 – Kreye yon rezo dirabilite Episkopalyen ki la pou yo pran swen anviwonman an epi pou yo pwoteje li tou, espesyalman nan founi sibvansyon epi nan kiltive plizyè sèk pou pwofesyonèl ki ap travay nan domèn sa a bay temwayaj nan ministè lokal yo ak ministè rejyonal yo.

- Kreye nouvo travay ki vize kesyon pran swen anviwonman an (A013)
- Etabli pwogram sibvansyon pou pran swen anviwonman an (A013, A008)
- Ede devlope rezo pwofesyonèl nan koze sa a swa dapre Eta kote yo ye / dapre domèn yo ladan an
- Etabli yon rapò ak travay bay temwayaj la tankou Pwojè Bay Temwayaj Kominote Tout Moun Renmen an, Apèl pou Transfòmasyon, Reyalite Klimatik pou n pare pou n bay temwayaj nou sou jan nou renmen Bondye ak tout sa li kreye yo.

Sa Bay Libète – Bi #2 – Kanpe ak viktim ki pi vilnerab yo nan efè chanjman klimatik yo – sitou medam yo, moun pòv, moun ki pa blan – nan efò pou chache liberasyon ak devlopman pèp Bondye a.

- Devlope 2 oubyen twa gwoup pou jistis ekolojik kote legliz la li menm li envesti enèji I ak resous li
- Konbat tandans rasis, tandans seksis, tandans klas sosyal ki an rapò ak anviwonman an (A011, B027)
- Ankouraje moun k ap defann kòz anviwonman an ak efò gouvènman an atravè Biwo Relasyon Gouvènemental la, Rezo Episkopal pou Politik Biblik la nan kad Konvansyon sou Chanjman Klimatik la nan Nasyonzini epi nan Konferans Pati yo (A018, COO8)
- Defann kòz moun ki vilnerab yo epi pwoteje yo tou ansanm ak tè, espès epi espesyalman nan Refij Nasyonal pou bêt ki lib nan zòn Atik la (Rezolisyón X023)
- Anpeche moun wete resous anba tè a k ap domaje lanati (A011)

Pou Bay Lavi – Bi #3 – Etabli kèk nivo rediksyon enpak chanjman klimatik pou nou menm etan endividé epi etan yon legliz, pou nou kab viv pi senp, ak plis imilite epi ak plis lapè sou latè.

- Devlope, konsève epi distribiye resous fòmasyon pou nou sipòte Episkopalyen ki anvi pran angajman pou yo viv senp, ak imilite, ak lapè sou latè
- Ankouraje moun sèvi ak sit sa a: www.diocal.org/climate (C008) ki kalkile valè kabòn y ap emèt.
- Ankouraje moun pwodui manje pa yo, epi ankouraje yo fè agrikilti lokal ki dirab (C049)
- Sipòte taks pou kabòn moun emèt la epi sipòte kesyon diminye emisyon kabòn nan (A014, C020)
- Mande lidè nan dyosèz yo fè rapò sou enèji dyosèz la ap itilize, epi ankouraje ekonomize enèji ak ekonomize dlo nan tout legliz la (C039, A213)
- Adopte Akò Pari a nan nivo Eta yo, nan nivo rejyonal, epi nan nivo lokal (A010)
- Devlope agrikilti rejeneratif ak konsèvasyon tout diferan espès, ak restorasyon espas ekolojik (D053)
- Ede kominote yo fè tranzisyon pou yon ekonomi ki baze sou enèji ki pa polye yo epi ankouraje yo jere anviwonman an sou popriyete legliz la (D081, D053)
- Pwomouva pwòpte lanmè a epi elimine dlo nan boutèy plastik ofiamezi nan lokal legliz la (C063)
- Ankouraje moun sèvi ak enèji renouvlab epi ankouraje envertisman nan enèji renouvlab (A020, C021)
- Aprann kichòy sou pwòpte oseyan yo, liny ki separe 2 kouran dlo, ak dlo etan yon babay tout moun gen dwa a sa (B025, C063)